



Pou Piblikasyon Imedya: 11/02/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANKOURAJE CON ED POU VERIFYE PRATIK POU FAKTIRE YO EPI ANONSE MEZI POU KONTINYE ADRESE PRI ENÈJI K AP MONTE

Gouvènè a ogmante efò pou bay soulajman pou Nouyòkè, ankouraje rezidan revni ki ba yo pou aplike pou plizyè milyon dola èd

Eta a voye [Lèt](#) ki ankouraje Con Ed pou verifye pratik pou faktire yo

Gouvènè Kathy Hochul te ankouraje Con Edison pou verifye pratik pou faktire yo epi kominike pi byen ak Nouyòkè yo apre vag resan nan depans enèji yo nan Eta New York ki te kite anpil Nouyòkè ki deja ap goumen, etone, atravè yon lèt ki soti nan Komisyon Sèvis Piblik la (Public Service Commission, PSC), epi li te anonse tou efò soulajman ki ogmante pou rive jwenn Nouyòkè ki gen revni ki fèb yo pou apeprè plizyè milyon dola èd ki disponib.

"Ogmantasyon ekstrèm fakti sèvis piblik n ap obsève atravè eta a vini nan yon moman kote Nouyòkè yo deja ap goumen finansyèman apre pandemi COVID-19 la," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Menm si wos n ap obsève nan elektrisite, gaz natirèl ak pri kabiran yo te prevwa yo epi ki fèt akòz move tan, m ap mande Con Ed pou verifye pratik pou faktire yo paske nou dwe pran mezi ki inifye pou bay soulajman pou Nouyòkè yo, espesyalman rezidan ki pi vilnerab nou yo."

Sezon ivè sa depans gaz natirèl, ki itilize pou chofe kay yo epi pwodui elektrisite a te ogmante rezilta a anpil ak yon ogmantasyon ki enpòtan — kèk fwa ki plis pase double - pou fakti founiti kouran elektrik ak/oswa gaz natirèl kliyan an pa rapò ak mwa anvan yo. Ogmantasyon fakti sa yo te enfliyanse pa yon ogmantasyon mondyal nan pri danre gaz natirèl yo akòz itilizasyon nasyonal ki pi wo akòz kliman ki pi frèt pase nòmal, aktivite ekonomik ki ogmante, ak demann entènasyonal ki ogmante pou gaz natirèl.

Asistans pou Sèvis Chofaj

Nan sesyon 7 oktòb 2021, Komisyon Sèvis Piblik la (Public Service Commission, PSC) te diskite sou ogmantasyon pri founiti yo prevwa yo ak etap sèvis piblik yo te pran pou enfòmè konsomatè yo. Pou abòde ogmantasyon nan pri founiti yo, Gouvènè Hochul te lanse jodi a yon [efò nan tout eta a](#) pou sansibilize sou divès pwogram eta ki disponib pou ede Nouyòkè ki gen difikilte yo peye depans chofaj ak sèvis piblik yo pou evite entèripsyon potansyèl nan sèvis yo pandan mwa sezon fredri k ap vini yo. Pwogram sa yo Gouvènè a te anonse yo genyen ladan yo:

- [Plis pase 373 milyon dola èd chofaj pou kay](#) ki disponib atravè Pwogram Asistans pou Enèji nan Kay la (Home Energy Assistance Program, HEAP) pou Nouyòkè ki gen revni ki fèb ak revni mwayen yo ki bezwen asistans pou kenbe kay yo cho pandan sezon ivè a. Jiska prezan, fanmi ki kalifye yo te resevwa benefis HEAP regilye 1.4 milyon, ki bay yon total 208 milyon dola.
- [Anplis finansman federal ki disponib la](#) pou ede fanmi ki gen revni ki fèb yo peye aryere sèvis chofaj yo. Jiska prezan yo te bay 104,000 benefis Aryere Siplemanchè Regilye, epi yo te peye 166 milyon dola nan aryere pou fanmi ki kalifye yo.
- Yo te mete disponib [90 milyon dola nan atravè HEAP](#) pou ede Nouyòkè ki gen revni ki fèb ak revni mwayen yo ke yo te dekonekte chofaj lakay yo oswa pou pa fini sous chofaj pandan ogmantasyon pri gaz la. Jiska prezan nan sezon ivè sa, fanmi ki kalifye yo te resevwa apeprè 20,000 benefis HEAP ijans, ki bay yon total 17.8 milyon dola.
- Yon ogmantasyon nan bidjè pwogram [Politik Enèji ki Abòdat \(Energy Affordability Policy, EAP\)](#) pou tout eta a, pa PSC a nan 2021 an soti nan 237.6 milyon pou pase a 366.7 milyon ak kalifikasyon ki ogmante, ki abouti sou apeprè 95,000 kliyan ki gen revni ki fèb oswa revni mwayen k ap kapab resevwa benefis. Depi septanm 2021, sèvis piblik yo te bay apeprè 153 milyon dola rabè sou fakti pou kliyan ki kalifye yo.

Prezidan PSC a Rory M. Christian te deklare, "Nou konprann ke ogmantasyon fakti nan kouran elektrik ak gaz sezon ivè a lakoz difikilte finansye. Byenke PSC ak sèvis piblik yo pa ka kontwole pri founiti yo, sèvis piblik yo ka amelyore pratik acha ak faktirasyon yo pou diminye chans pou chanjman dramatik pri yo alavni epi n ap mande Con Edison pou regle sa pi devan."

Ajisteman pratik pou faktire

Ni sèvis piblik la ni Komisyon Sèvis Piblik la pa kontwole pri founiti fakti enèji yo. Men, pou pi byen pwoteje konsomatè yo kont ogmantasyon pri danre yo toudenkou, sèvis piblik yo itilize divès metòd acha ak rezèv yo, ki enkli kontra akoutèm ak kontra alontèm yo. Byenke rezèv la se yon estrateji tout sèvis piblik yo pataje, chak sèvis piblik aplike valè rezèv sa yo nan fason diferan pou fakti sèvis piblik kliyan an. Nan ka Con Edison, pratik pou faktire kliyan yo te yon faktè k ap kontribye nan ogmantasyon tarif founiti yo epi finalman fakti kliyan yo.

Jodi a, PSC te voye yon [lèt](#) bay Con Edison pou mande yon verifikasyon pratik pou faktire sèvis piblik la ki enkli yon asirans ke yo bay kliyan yo valè rezèv konplè sèvis piblik ki sekirize nan mwa janvyè a nan pwochen sik fakti a, k ap amelyore pratik yo ak rekòmandasyon ke anplwaye DPS yo dwe bay anvan 28 fevriye 2022.

Diminye depandans sou gaz fosil yo

Pandan New York ap vanse vè yon ekonomik ki pi vèt, pi pwòp, Gouvènè Hochul ap fè investisman ki enpòtan pou divèsifye sous konbistib pou elektirisite yo, prensipalman

atravè enèji renouvlab, pou diminye depandans eta a sou gaz fosil yo epi estabilize depans enèji yo. Lè nou rekonèt dimansyon kriz klimatik la, Gouvènè Hochul te anonse ajennda anbisye sou enèji renouvlab ak ajennda travay nan diskou [sou Sitiyasyon Eta a an 2022](#) a ek pwopozisyon [Bidjè Egzekitif](#) la. Ajennda sa genyen ladan l pwochen demann devlopman ewolyèn zòn kot la; yon envestisman 500 milyon dola pou enfrastrikti pò ewolyen nan zòn kòt ak chèn apwovizyonman; Reyalizasyon 2 milyon kay ki ekolojik, ki elektrifye oswa ki pare pou elektrifikasyon vè 2030; anime mache a pou nouvo teknoloji enèji pwòp tankou idwojèn vè; epi asire kreyasyon travay kalite vèt.

Edikasyon ak Sansibilizasyon Konsomatè

PSC ak Depatman Sèvis Piblik la te voye mesaj nan fason aktif sou ogmantasyon yo prevwa nan pri founiti yo ak enpak sou fakti sezon ivè konsomatè yo. Nan janvyè 2022, Depatman Sèvis Piblik la te fè patenarya ak lòt ajans eta yo epi fè yon seri atelye vityèl nan tout eta a pou lidè kominotè ak ofisyèl eli yo. Atelye sa yo te konsantre sou: pwogram asistans finansye, tankou Enèji nan Kay ak Pwogram Asistans pou Dlo pou Fanmiy ki gen revni ki ba yo; pwogram sou aksè nan enèji sèvis piblik; entanperizasyon ak lòt mezi konsomatè yo ka pran pou yo gen efikasite enèji; sèvis ak sipò kominotè pou granmoun ak moun k ap bay swen; ak kijan pou oryante konsomatè yo vè resous ivè.

Anplis, depi kòmansman ivè, sèvis piblik yo t ap kominike nan fason aktif ke bòdwo kliyan yo ap pi wo sezon ivè sa akòz pri founiti yo ki te ogmante. Sansibilizasyon ak edukasyon sa genyen ladan l, kominike pou laprès, bilten enfòmasyon, fòmasyon reprezantan sant apèl, videyo YouTube, ak pòs sou rezo sosyo.

PSC angaje pou asire ke kliyan yo okouran de pwogram sa yo pou resevwa asistans ak enfòmasyon yo bezwen pou jere fakti enèji yo nan fason ki efikas. Pou plis enfòmasyon sou efò preparasyon ak pwogram asistans sa yo, tanpri, ale sou www.dps.ny.gov/winter.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)